

A1C ak Dyabèt Tip 2

A1C se yon tè san senp, ki fèt ak yon pike nan dwèt fasil, ki mezire nivo glikoz nan san an mwayèn (sik nan san) yon moun pandan de (2) oswa twa (3) mwa ki sot pase yo. Yo ankouraje moun k ap viv ak dyabèt tip 2 pou yo fè yon tè A1C de (2) fwa pa ane pou pi piti, pi souvan si medikaman w lan chanje oswa si w gen lòt pwoblèm sante. Mande ekip swen sante w la konbyen fwa ki bon pou ou.

APRE YON TAN, NIVO GLIKOZ KI WO (IPÈGLISEMI) KA METE MOUN K AP VIV AK DYABÈT TIP 2 A SOU RISK POU LI GEN PWOBLEM SANTE GRAV, TANKOU:



ENTÈVAL LA



Predyabèt : 5.7%-6.4%

Estimasyon nivo glikoz la an mwayèn (Estimated average glucose, eAG): 117-137 mg/dl

Dyabèt: 6.5% oswa plis

Estimasyon nivo glikoz la an mwayèn (Estimated average glucose, eAG): 140 mg/dl oswa plis

SONJE

A1C a se yon objektif pèsònèl. Ekip swen sante w la ka mande w pou ou fikse yon objektif A1C ki pi wo oswa pi ba a. Men kèk konsiderasyon:

Si w gen ipoglisemi souvan (glikoz nan san w ba) oswa ou pa santi sentòm ipoglisemi yo.

Si w gen konplikasyon tankou maladi kè.

Si w se yon granmoun ki gen laj avanse.

TRAVAY AK EKIP SWEN SANTE W LA POU OU DEVLOPE YON PLAN POU ATENN OBJEKTIF A1C KI BON POU OU A.

Bagay ki Pral Ede W Atenn Objektif Ou yo:

- ✓ Aktivite fizik regilye.
- ✓ Jere glikoz nan san w.
- ✓ Yon plan manje ki bon pou sante.
- ✓ Pran medikaman yo jan yo preskri yo a.